



Travay sa a te gen anpil sipò pa:

JPMORGAN CHASE & Co.

**Prevalans Opresyon sou granmoun en pousantaj (%) an 2018**

Done sant Kontwol maladi revele gen yon konsantrasyon ka opresyon nan kè zòn iben Miami ki sitiye toupres Wout US1 ak I-95. Katye ki bò Wout sa yo gen gwo konsantrasyon sifas enpèmeyab ak gwo blokis ki koz tanperati a pi wo ke tanperati mwayèn lòt katye Miami yo. Anplis, gen yon to opresyon ki wo anpil nan zòn Homestead kote yo itilize pestisid nan eksplwatasyon agrikòl yo. Pwodui sa yo ka afekte kalite lè yap respire



**SANTE AK EKITE**

Rechèch montre yon to opresyon ki ogmante nan kominote ki sitiye tou prè koridò tranzit, zòn agrikòl, ak zòn ke yo te istorikman make kòm zòn wouj. Zòn sa yo gen tandans gen gwo konsantrasyon trafik, konjesyon, ak polisyon ki makonnen ak risk opresyon ak lòt pwoblèm sante

**Prevalans Opresyon selon klasifikasyon HOLC**

To opresyon yo gen lyen dirèk ak klasifikasyon HOLC. Katye ki manke envestiman yo souvan gen nòt D e yo gen yon pi gwo to risk opresyon aloske katye ki gen nòt A gen to opresyon ki pi ba yo.

Prevalans Opresyon Aktiyèl Pou Granmoun Selon Klasifikasyon HOLC. Pousantaj (%) An 2018: A(4.0)-D(1.0)



**Prevalans Opresyon Katye Pa Katye:**

Katye ke yo te konn majinalize lontan toujou ap konfwonte pwoblèm inegalite anviwonmantal tankou tanperati ki pi wo, absans gwo pyebwa ki bay lonbraj, ak pi gwo ekspozisyon a polyan. Tout sa yo jenere gwo risk sante tankou gwo to opresyon. Nan volonte pou amelyore kondisyon kominote ki te majinalize, te gen kèk politik ki te menen pou plante pyebwa ki ka bay lonbraj nan objektif pou diminye tanperati a ak pèmèt yon pi bon kalite lè.

% Prevalans Opresyon Lakay Granmoun Pa Katye

